ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№51 (24.801) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 26, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ ІапІэм къызэритамкІэ



# ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

● ЗэІущІэхэр

**Республикэм и къалэхэм, щІыпІэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэта «щІыналъэ сыхьэт» зэхуэсыр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр республикэм зэрыщекІуэкІыну щІыкІэм. Махуэщ І зэхуэсхэр щызэхэтынущ къалэхэм, жылэхэм ящыщ дэтхэнэми. Абыхэм кърихьэлІэнухэм ягъэлъэпІэнущ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм, абы лІыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэтахэм я фэеплъхэр, къищынэмыщІауэ, дзэ Іуэху хэхам (СВО) хэт зауэлІхэм я щІыхьыр щаІэтынущ.

Апхуэдэу зэІущІэм и гугъу щащІащ лъэпкъ проектхэр, федеральнэ, щІыналъэ программэхэр республикэм зэрыщагъэзащІэм. Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, ди республикэм къыщащта проектхэмрэ программэхэмрэ я нэхъыбапІэм къызэщІиубыдэ лэжьыгъэхэр яублакІэщ, дэтхэнэ ІэнатІэми и Іуэху зыІутыр и нэІэм щІэтщ.

Гъатхасэр щІыналъэм зэрыщекІуэкІым щытепсэлъыхьым, къыхагъэщащ бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэр щІыгъэпшэркІэ къызэрызэрагъэпэщар, гъатхэ лэжьыгъэхэри хъарзынэу зэрызэтраублар. КъэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр хасэнущ гектар мин 216-м щІигъу гъавэ щІапІэхэм. Псори зэхэту вэн-сэн лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ, нэгъабэ ещхьу, гектар мин 282-м щІигъум. Псы зыщІагъэлъадэ къэкІыгъэхэр тращІащ гектари мини 3,4-м. Ар планым и процент 98-рэ мэхъу. Къэралыр зэрыщыту къапщтэмэ, а бжыгъэр нэхъыфІ дыдэщ.

Мэкъумэш-промышленнэ ІэнатІэм игъуэтыну къэрал дэІэпыкъуныгъэр мы гъэм сом меларди 4-м щІигъунущ. Нэхъыбэу а мылъкур хуаутІыпщынущ хадэхэкІым, псыщІэгъэлъадэм, Іэщышхуэ гъэхъуным, жылэхэм зегъэужьыным епха Іуэхухэм.

Хэхауэ тепсэлъыхьащ Мэкъумэш-промышленнэ ІэнатІэм щызекІуэ Іуэху зехьэкІэм бжыгъэхэр лъабжьэ хуэщІыным. Абы и фІыгъэкІэ нэхъыфІу кІэлъыплъа хъунущ ІэнатІэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм яІэ щытыкІэм, жылапхъэхэр къызэрагъэсэбэпым, щІыпІэхэм щызэфІах лэжьыгъэхэр зыхуэдэм.

# Ныбжьыщ Іэхэм я къэралпсо зэпеуэм

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек захуигъэзащ еджакІуэхэм географиемкІэ я урысейпсо олимпиадэм и кІэух Іыхьэу мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІым хэтхэм, ныбжьыщІэхэм ехъулІэныгъэхэр яІэну зэригуапэр къыхигъэщу.**

«ЗЭПЕУЭМ къыщыдэхуэм деж хьэщІэхэм Іэмал яІэнущ ди щІыналъэм и географиеми зыщагъэгъуэзэну, Іуащхьэмахуэ, Шэджэм псыкъелъэхэм, Гуэл щхъуантІэхэм кІуэуэ, Курп лъагапІэхэм дэкІыу. Абыхэм къащІэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр зыхуэдэри. Апхуэдэуи, щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьынущ Хэку зауэшхуэм и зэманым республикэм щекІуэкІахэм - Дзэ Плъыжьым и зауэлІхэм фашистхэм я ныпхэр Іуащхьэмахуэ къызэрырадзыхыжам, Кавказ Ищхъэрэмрэ Кавказ щІыбымрэ я щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр зыІэригъэхьэным хущІэкъуу, абыхэм къыхуеІэ бийр къызэрызэтрагъэувыІам», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Олимпиадэм и кІэух Іыхьэм Налшык щызэхуишэсащ Урысейм хыхьэ щІыналъэхэм ящыщу 77-м къикІа цІыху 360-рэ - сабийхэмрэ абыхэм ящІыгъуэхэмрэ. Зэпеуэхэр щрагъэкІуэкІ «ДыгъафІэ къалэ» сабий творчествэмкІэ академиемрэ «Антарес» щІэныгъэ центрымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу кІэух Іыхьэм хэтщ ныбжьыщІих. ЕджакІуэхэм географиемкІэ я урысейпсо олимпиадэр иухынущ нобэ.

9 - 11-нэ классхэм щІэсхэм географиемкІэ я щІэныгъэр здынэсыр къапщытащ тестхэм жэуап иратурэ, апхуэдэуи, къыщыхута щІыпІэм къызэрикІыжыну гъуэгур абы хуэщІа Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпкІэрэ, щыуагъэншэу къызэрыхахыфыр къагъэлъагъуэу.

Зэпеуэм хэтхэм я зэфІэкІыр здынэсыр зэхагъэкІащ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Удмуртиемрэ я еджапІэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ щІэныгъэлІхэм, егъэджакІуэхэм. Абы щытекІуэхэм Іэмал яІэнущ а унэтІыныгъэм епха еджапІэ нэхъыщхьэхэм къэпщытэныгъэхэм хэмыту щІэтІысхьэу бюджетым къыхэкІ мылъкукІэ щеджэну.



# ЗэхъуэкІыныгъэхэм трагъащІэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэІущІэр мэлыжьыхьым и 24-м иригъэкІуэкІащ.**

ДЕПУТАТХЭР арэзы техъуащ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудитор къулыкъум Мишковэ Иринэ ягъэувыну къызэрагъэлъэгъуам.

ЗэІущІэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Дагъыстэн Республикэмрэ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ Іуэхухэм-кІэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Дагъыстэным хуиІэ къуэш зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным мыхьэнэшхуэ зэрыритыр, лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэм зезыгъэужьыну зэгурыІуэныгъэр абы зэрищыхьэтыр. «Къэбгъэлъагъуэмэ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и щІыналъэ 41-м зэгурыІуэныгъэкІэ ядолажьэ. Абы дяпэкІи зедгъэубгъуну ди мурадщ», - къыхигъэщащ министрым.

Депутатхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м Административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкІэ и кодексым и 8.5 статьям и Іыхьэ 5-м, «КъБР-м и къэрал мылъкум хыхьэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и гуэдзэным.

Зы еджэгъуэкІэ къащтащ «Фадэрэ Іэпкълъэпкъыр жан зыщІ нэгъуэщІ псыхэмрэ ящэну щыхуит зэманыр гъэбелджылынымрэ КъБР-м Административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкІэ и кодексым и Іыхьэ 7-1.13-мрэ ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» законопроектым. КъищынэмыщІауэ, депутатхэр арэзы техъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыхуей щыхуэгъэзэныр къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм волонтёр Іуэхухэр къызэрыщызэрагъэпэщым ехьэлІауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм.

*(ПэщІэдзэр. КІэухыр 2-нэ нап.)*

## «Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ!



**2025 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым щІидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетым еджэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кІэпІейкІэ 56-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кІэпІейкІэ 54-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**



# ЗэхъуэкIыныгъэхэм трагъащIэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

«Унэ ящIын папщIэ, цIыху щхьэхуэхэм пщIэншэу щIы Iыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыхухахымрэ республикэм и ЩIы кодексым и Iыхьэ 14-мрэ 17-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхук Iэ» КъБР-м и Законым и проектым щытепсэлъыхьым, КъБР-м ЩIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр Тохъу Аслъэн къыхигъэщащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм дыщIагъуным тещIыхьауэ дэфтэрыр зэрагъэхьэзырар. Абы егъэбелджылы зэгурыIуэныгъэкIэ дзэм хэтхэм къэрал, муниципальнэ мылъкуу щыт щIы Iыхьэхэр пщIэншэу зэрыратыну щIыкIэр.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и уполномоченнэ Зумакулов Борис 2024 гъэм я лэжьыгъэр зыхуэдар зэIущIэм къыщызэщIикъуэжащ.

- Къэрал, муниципальнэ унафэщIхэр, щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэр, хабзэхъумэхэр, дин, жылагъуэ IуэхущIапIэхэр, псори зэгъусэу делэжьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм дэIэпыкъуэгъу дазэрыхуэхъуным. КъБР-м и Iэтащхьэм, Правительствэм, Парламентым я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, хъыбарыншэ е гъэр хъуахэр къэлъыхъуэным ди лэжьыгъэр тедухуауэ щытащ, - жиIащ Зумакуловым. - Сыт и лъэныкъуэкIи зыкъытщIагъэкъуащ УФ-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур сыми. Гуапэ тщымыхъуу къэнакъым ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и уполномоченнэм и IуэхущIапIэм Анэхэм я комитетым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ тхыгъэ къызэрытIэрагъэхьар. Къыхэзгъэщыну сыхуейт дзэ Iуэху хэхам хэтхэм дазэрыIущIэм, я щытыкIэм зэрызыщыдгъэгъуазэм, зэрызащIэдгъакъуэм адэкIи зэрыпытщэнур. Къэбэрдей-Балъкъэрыр лъэпкъ Iуэхухэр зэрыщагъэзащIэмкIэ япэ ит щIыналъэхэм ящыщщ, экономикэ, промышленность IуэхухэмкIи ехъулIэныгъэхэр иIэщ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, къапщтэмэ, социальнэ Iуэху псомкIи щIыналъэм и пщэрылъхэр егъэзащIэ.

Гугъуехь зыпылъ Iуэхухэм я гугъу щищIым, Зумакулов Борис къыхигъэщащ псэупIэ зратыну къызытехуэхэр чэзум куэдрэ хэтын хуей зэрыхъур, пенсэм щIагъу ахъшэр хьэпшыпми шхынми я уасэм зэрыхагъахъуэм зэрылъэщIэмыхьэр, нэгъуэщIхэри.

Егоровэ Татьянэ ЦIыхум я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и уполномоченнэм фIыщIэ хуищIащ сыт щыгъуи хуэдэу лэжьыгъэр зэгъэпэщауэ зэрыригъэкIуэкIым папщIэ. ЗэIущIэм и кIэухым ар депутатхэм ехъуэхъуащ Урысей парламентаризмэм и махуэр къызэрыблэгъамкIэ. «Гъэ къэс мэлыжьыхьым и 27-м урысейпсо махуэшхуэ догъэлъапIэ. Ар Урысей парламентаризмэм и махуэращ. ЗэрытщIэщи, къэралым и жылагъуэ-политикэ гъащIэр куэдкIэ елъытащ законрэ унафэу къатщтэхэм, депутатхэмрэ щIыналъэ унафэщIхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэу зэрызэдэлажьэм. Псоми ди къалэныр зыщ - цIыхухэр зэIузэпэщу псэунымрэ ди къэкIуэнур дахэ зэрыхъунумрэ дыхущIэкъунырщ. Шэч къытесхьэркъым, ди япэ итахэм ягъэтIылъа лъабжьэр ди щIэгъэкъуэну, адэкIи лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэредгъэкIуэкIыфынум. КъБР-м и Парламентым и къалэнхэр игъэзэщIэным ди зэфIэкI псори етхьэлIэнущ», - жиIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым.

Апхуэдэуи Егоровэр депутатхэм ехъуэхъуащ Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр, ТекIуэныгъэ Иныр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур къызэрыблэгъам къыхэкIыу.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

# Тхыдэм и пэжыпIэр

**ЦIыху мелуанхэм Хэкум и тхыдэр ягу къигъэкIыжми ярейуэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым мэлыжьыхьым и 25-м иригъэкIуэкIащ «ТекIуэныгъэм и диктант» дунейпсо Iуэхур. Ар щрагъэтхыну щIыпIэу мин 35-рэ ягъэхьэзырат, къэрал 90-м нэблагъэ къызэщIиубыдэу**.

ТХЫДЭМ и пэжыпIэр хъумэным, Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIам щIэблэр щыгъэгъуэзэным, абыхэм я къэухьым хэгъэхъуэным хуэгъэза Iуэхущ ар. Мы гъэм «ТекIуэныгъэм и диктантым» хагъэхьа упщIэхэм яхэтщ ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрихьа щIыкIэми мы зэманым дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIми теухуахэр. Урысейм и мызакъуэу, мы Iуэхур хамэ къэралхэми къыщIыщызэрагъэпэщам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ТекIуэныгъэм и фэеплъым, ар къэхьыным Совет Союзым и цIыхубэм хэлъхьэныгъэу хуищIам, фашизмэр зэрагъэкIуэдам и мыхьэнэр зыщамыгъэгъупщэн щхьэкIэщ.

«ТекIуэныгъэм и диктантыр» щрагъэтх щIыпIэхэри хэплъыхьауэ, мыхьэнэ иIэу къыхахащ. Ар мы гъэм къыщызэрагъэпэщащ Москва къалэм и Поклоннэ бгым тет ТекIуэныгъэм и музейм, «Арктика» мылкъутэ кхъухьым, Дунейпсо космос станцым, Волгоград дэт «Сталинград зауэ» музей-панорамэм, Дунейпсо хым и музейуэ Калининград щыIэм, нэгъуэщI куэдми. Iуэхум жыджэру хэтащ щIыналъэщIэхэри - Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэр, Херсон, Запорожье щIыналъэхэр.

Къищынэмыщ Iауэ, телелъэмыжхэр къызэрагъэпэщащ Хэку зауэшхуэм и музейм (Минск), Пекин щыIэ Урыс щэнхабзэ центрым япыщIауэ. Хабзэ зэрыхъуауэ, цIыхухэр Iуэхум онлайнуи хыхьэну Iэмал яIащ, упщIэхэр бзи 10-кIэ зэрадзэкIащ - инджылыз, хьэрып, франджы, испан, нэмыцэ, китай, монгол, португал, тырку, къыргъыз.

Диктантыр щрагъэтх пэшхэм «ЛIыхъужьым хуэгъэза письмо» зыфIаща Iуэхури къыщызэрагъэпэщат, гупыж зиIэ дэтхэнэми щимэу зэкIуэцIылъхьа тхылъымпIэр къищтэрэ, дзэ Iуэху хэхам щыIэ зауэлIым хуитхыну хуиту. Ахэр Урысейм и пощтым и дэIэпыкъуэгъукIэ зауэлIхэм Iэрагъэхьэжынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, диктантыр «Урысей зэкъуэт» партым 2019 гъэ лъандэрэ зэрыригъэкIуэкIыр. Абы хэтхэм дакъикъэ 45-м къриубыдэу упщIэ 25-м жэуап иратын хуейщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым «ТекIуэныгъэм и диктант» Iуэхур щIыпIи 110-м къыщызэдгъэпэщащ. Дыщогугъ мы гъэм абы цIыху мини 6-м щIигъу къыхыхьэну. Диктантыр республикэм и муниципальнэ районхэми щыдогъэкIуэкI. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр къыщызэдгъэпэщар Курп лъагапIэхэрщ - 1942 - 1943 гъэхэм Кавказым папщIэ зауэ нэхъ гуащIэхэм ящыщ зыр щекIуэкIа щIыпIэм, - жеIэ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI, «Тхыдэ фэеплъ» парт Iуэхур езыгъэкIуэкI Парафилов Дмитрий.

Налшык къалэм «ТекIуэныгъэм и диктантыр» щатхащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Гъуазджэхэмк Iэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым. Иужьрейм щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор, профессор, культурологиемкIэ кандидат Гринченкэ Галинэ дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэм цIыху 200-м диктантыр щатхыну зыкъагъэлъэгъуащ. «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым я егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, кадет корпусым щIэсхэр, Налшык къалэм и курыт школ №14-м щеджэхэр, УФ-м СледствэмкIэ и комитетым и управленэу КъБР-м щыIэм и лIыкIуэхэр нобэ къытхуеблэгъащ Iуэхум хэтыну, - дыщигъэгъуэзащ Гринченкэ Галинэ. - «ТекIуэныгъэм и диктантым» мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, псом япэу нобэрей щIэблэм едгъэщIэн хуейщ ди тхыдэр. Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIам теухуауэ ди зэманым апхуэдизкIэ хъыбар куэд зэтемыхуэу кърахьэкIри, щIалэгъуалэм пэжыр зэхагъэкIыну гугъу мэхъу. Абы къыхэкIыу, тхыдэм и пэжыпIэр къэгъэнэIуэнымкIэ мыри сэбэп хъууэ къызолъытэ. Абы, япэрауэ, щIэблэм я къэухьым зрегъэубгъу; етIуанэрауэ, хъыбар нэпцIхэм зэрыпэщIэт Iэмалщ. НэхъыщIэми нэхъыжьми зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Хэку зауэшхуэр зыхуэдамрэ абы ди цIыхубэм ТекIуэныгъэр къызэрыщихьамрэ. Ди лIыхъужьхэм я фэеплъым, ди ветеранхэм пщIэ яхуэтщIу дыпсэун хуейщ».

**АЛЪХЪО Дыжьын**.

**Мэлыжьыхьым и 27-р Урысей парламентаризмэм и махуэщ**

# ЩIалэгъуалэм я хабзэубзыху жэрдэмхэр

**Урысей парламентаризмэм и махуэм ирихьэлIэу, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм къыщызэщIакъуэжащ «Си хабзэубзыху жэрдэм» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэм и етIощIанэ щIыналъэ Iыхьэр**.



А IУЭХУМ хэтащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Текуев Амырбий, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир, ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр, зэхьэзэхуэм зи къару щеплъыжахэм я гъэсакIуэхэр.

2025 гъэм зэпеуэм ирагъэхьащ лэжьыгъэ 30-м нэблагъэ. Нэхъ жыджэру абы хэтащ Налшык къалэм, Тэрч, Шэджэм районхэм я курыт школхэм щеджэхэр.

Зэхьэзэхуэр Iыхьи 9 гуэшауэ щытащ: «Къалэухуэмрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ», «Зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ», «Бюджет, налог, финанс хабзэхэр», «Экономикэ зыужьыныгъэр», «Егъэджэныгъэ», «ЩIалэгъуалэ Iуэхухэр», «Спортымрэ туризмэмрэ», «Социальнэ политикэ», «Щэнхабзэ».

Япэ увыпIэр къахьащ цIыхуиплIым ягъэхьэзыра лэжьыгъиплIым ягъэхьэзыра лэжьыгъиплIым ягъэхьэзыра лэжьыгъищым. «Бюджет, налог, финанс хабзэхэр» Iыхьэм пашэ щыхъуащ «ЦIыхум лы лей къищтэным къыхухэкI узыфэхэм УФ-м щыпэщIэтыным теухуа хабзэ гъэбелджылыным и IуэхукIэ: фастфудым налог телъхьэнымрэ нэгъуэщI Iэмалхэмрэ» зыфIаща лэжьыгъэр. Ар ягъэхьэзыращ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №3-м и 11-нэ классым щIэс ШкIэжь Азэмэтрэ 10-нэ классым щеджэ Эльбрусовэ Хадиджэрэ.

«ЩIалэгъуалэ Iуэхухэр» Iыхьэм щынэхъыфIу къалъытащ «ЩIалэгъуалэр: лIэщIыгъуэм къыпхыкIа еплъыкIэ» лэжьыгъэр. Ар и IэдакъэщIэкIщ Нартан къуажэм и курыт школ №2-м и еянэ классым щIэс Урыс Салимэ.

«Социальнэ политикэ» Iыхьэм къыхэжаныкIащ «УФ-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхур зэрыщызэфIахыр егъэфIэкIуэн» лэжьыгъэр. Ар зыгъэзэщIар Налшык школ №7-м и 11-нэ классым щеджэ Сафроновэ Аннэщ.

ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ экономикэ, щIалэгъуалэ, социальнэ политикэ Iыхьэхэм къыщагъэлъэгъуа лэжьыгъищым. Ещанэ увыпIэр къихьащ зы лэжьыгъэм, «Къалэухуэмрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ» Iыхьэм щыщу.

Зэпеуэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэлъэпIащ. ЩIыхь тхылъхэр ныбжьыщIи 8-м иратащ, щIэныгъэ унафэщIу 7-м сабийхэр зэрагъэхьэзырам папщIэ фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ.

Депутатхэм къыхагъэщащ зэпеуэм мы гъэм къагъэхьа лэжьыгъэхэр зэрыкупщIафIэр. Абыхэм щIалэгъуалэм фIыщIэ хуащIащ, щIыналъэм и жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ, икIи ехъулIэныгъэ куэд яIэну зэрагуапэр жаIащ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу**.




# IэнатIэу щыIэр минитIым щIегъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым мэлыжьыхьым и 18-м щекIуэкIащ «Работа России. Время возможностей» урысейпсо жармыкIэр. Гъэ къэс Iуэхущ IапIэхэмрэ лэжьапIэ лъыхъуэхэмрэ щызэхуашэс Iуэхум хэтщ республикэм промышленностымкIэ, мэкъумэшымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, ухуэныгъэмкIэ и IэнатIэхэм, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ я лIыкIуэхэр.**

НАЛШЫК къалэм ар щызэхэтащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Гуманитар-техникэ колледжым.

Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм къыщызэIуаха жармыкIэм Iуэхущ IапIэ 40-м я лIыкIуэхэр щыIащ, зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр къагъэлъэгъуэу. Абыхэм мы зэманым IэнатIэ 1700-м щIигъу яIэщ. ЛэжьапIэ лъыхъуэхэм яхутепсэлъыхьащ IэщIагъэхэр зыхуэдэм, я улахуэм, яIэну дэIэпыкъуныгъэхэм.

ЖармыкIэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномоченнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым экономикэ, социальнэ IуэхухэмкIэ и департаментым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ Кибизовэ Алинэ, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тогузаев ТIэхьир, «Хэкум и хъумакIуэхэр» урысейпсо фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныгъэмкIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центрым и унафэщI Канунниковэ Татьянэ зэхыхьэр къыщызэIуихым жиIащ жармыкIэр къэрал псом зэрыщекIуэкIыр, республикэм ар щIыпIэ 19-м къызэрыщызэрагъэпэщар. Абыхэм псоми зэхэту IуэхущIапIи 114-м лэжьыгъэ IэнатIэ мини 2-рэ 200-рэ къыщагъэлъэгъуащ. КъэпсэлъахэмкIэ, къызэрыхигъэщамкIэ, зыхуэныкъуэхэм я процент 60-р лэжьакIуэ IэщIагъэщ, апхуэдэуи яхэтщ социальнэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм, IT Iуэхум епхахэри.

Васильченкэ Дмитрий жиIащ республикэм дежкIэ цIыхухэм лэжьапIэ къахуэгъуэтыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи гулъытэ хэха зэрыщыхуащIыр зэригуапэр.

- Мы жармыкIэр IэмалыфIщ IуэхущIапIэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ зэрыгъэщIэнымкIэ. Къищынэмыщ Iауэ, дэ къалэн зыхудогъэувыж IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуэнумрэ IэщIагъэм зэрызыхагъэхьэзырынумрэ щыдгъэгъуэзэну. «Работа России. Время возможностей» жармыкIэм ипкъ иткIэ, мастер-классхэр идогъэкIуэкI, цIыхухэм зэрызаужьыфынум щыдогъэгъуазэ, - къыхигъэщащ Тогузаев ТIэхьир. - Иджыпсту ди республикэр нэхъыбэу зыхуэщыщIэр водителхэмрэ дэрбзэрхэмрэщ, апхуэдэуи мэкъумэш IэнатIэми IэщIагъэлIхэр щытхурикIуэркъым. Нэгъабэ жармыкIэм и фIыгъэкIэ цIыху 221-м лэжьыгъэ къагъуэтащ. Дыщогугъ мы гъэм а бжыгъэр 300-м щIедгъэгъуфыну».

Министрым дыщIигъуащ мы гъэм япэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжымрэ «IэщIагъэхэм я фестиваль» Iуэхур зэрыщрагъэкIуэкIыр. Курыт школыр къэзыухахэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ, студентхэр щагъэгъуазэ мы зэманым щIэупщIэ зиIэ IэщIагъэхэм.

Дадэ МуIэед жиIащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» урысейпсо фондым и щIыналъэ къудамэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу зэрыщытыр дзэ Iуэху хэхам къыхыхьэ хэмрэ лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынымкIэ абы иужь зэритыр.

ЛэжьакIуэ лъыхъуэ IуэхущIапIэхэм ящыщщ «Урысейм и поштыр», «Газпром»-м и щIыналъэ къудамэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр КъТРК-р, «Чегем агро», «Зелёная компания», «Баксан-автозапчасть» ООО-хэр, нэгъуэщIхэри. «Налшык транспорт» IэнатIэм лэжьакIуи 100-м щIигъум зэрылъыхъуэр къигъэлъагъуэ. «Автобусым и водитель, экономист, автомашинэхэр зыщIыж, нэгъуэщI IэщIагъэлI куэдми дыхуэныкъуэщ. Ику иту водителым и улахуэр сом мин 60 - 80 мэхъу. Лэжьыгъэр зэрыгугъум къыхэкIыу, нэхъыбэр IуокIыж», - жеIэ IуэхущIапIэм IэщIагъэлIхэр къэщтэнымкIэ и лэжьакIуэ КIуатI Светланэ.

**БАГЪЭТЫР** Луизэ.
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ЦIыхубз щыпкъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и ветеран, цIыхубз щыпкъэ Шэт Ларисэ Iэдэм и пхъум къыщалъхуа махуэр егъэлъапIэ. Абы йохъуэхъу илъэс куэдкIэ къулыкъур зыдрихьэкIахэр, нобэ лажьэхэр, фIыщIэ хуащI и зэфIэкIымкIэ къазэрыдэгуашэм папщIэ.**



ШЭТ Ларисэ КъБАССР-м и Прохладнэ районым хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм 1960 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыщалъхуащ.

Япэ совет прокурор нэхъыщхьэ Курский Д. И. и цIэр зэрихьэу Саратов дэт юридическэ институтыр 1982 гъэм къиухри, Новгород областым и прокуратурэм лэжьэн щыщIидзащ. Ар стажеру къащтащ, иужькIэ прокуратурэм и следователу, Хвойнинск районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу щытащ, мызэ-мытIэу игъэзэщIащ районым и прокурорым и къалэнхэр.

1985 гъэм и жэпуэгъуэм Шэт Ларисэ КъБАССР-м и прокуратурэм къагъэкIуэжащ, Тырныауз къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу IэнатIэр дзыхь хуащIри. АдэкIэ къулыкъур ирихьэкIащ Прохладнэ районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, дэIэпыкъуэгъу нэхъыжьу.

2013 гъэм и дыгъэгъазэм Ларисэ пенсэм кIуэри, зигъэпсэхуну тIысыжащ.

Къыхэдгъэщынщи, Шэт Ларисэ институтым щеджэу къратащ КПСС-м и Саратов обкомым и щIыхь тхылъыр, Новгород областым и прокурорым и унафэкIэ абы и цIэр ЩIыхь пхъэбгъум иратхащ, КъБАССР-м и прокуратурэм и унафэщI къулыкъухэр зыхуэбгъэфащэ хъунухэм хагъэхьат.

Урысей Федерацэм и прокурор нэхъыщхьэм Шэт Ларисэ фIыщIэ къыхуищIащ, къратащ «За верность закону» 1-нэ нагъыщэр, «Прокуратурэм и ветеран» медалыр. Мызэ-мытIэу республикэм и прокурорым гулъытэ къыхуищIащ и къалэныр щапхъэ пылъу зэригъэзащIэм, жэрдэм зэрыхэлъымрэ Iуэхур псынщIэу зэрызэфIихымрэ папщIэ. Илъэс куэдкIэ хьэлэлу зэрылэжьам щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

Шэт Ларисэ прокуратурэм и Ветеранхэм (пенсионерхэм) я советым хэтщи, жылагъуэ Iуэхухэми хуэжыджэрщ.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ Ларисэ дэри дохъуэхъу узыншэу, и мурадхэм ялъэIэсу, щIэблэм я гъуэгугъэлъагъуэу, гъащIэм и IэфIыр зыхищIэу куэдрэ псэуну.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

# Фэеплъ жыгхэр

**КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и жэрдэмкIэ Налшык къалэ щызэхэтащ «Фэеплъ жыг хадэ» щIыуэпс-хэкупсэ Iуэхур.**

НАЛШЫК къалэ дэт школ-интернат №1-м щекIуэкIа акцэр хуэгъэпсат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ.

Iуэху щхьэпэм хэтащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав, абы и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Кузнецов Константин, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъуашэ Русланрэ МВД-м и ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ организацэм и унафэщI Пыхъ МуIэедрэ, ведомствэм и IэнатIэхэм я унафэщIхэр, полицэм и кадет классхэм щеджэхэр, апхуэдэуи интернатым и гъэсэнхэр.



Крючков Вячеслав къыщыпсалъэм министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ фэеплъ акцэр егъэкIуэкIыныр къызэрыхалъхьам папщIэ икIи къыхигъэщащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ жыгхэр хэсэныр ди къэралым и хуитыныгъэр къэзыхъумэ цIыхухэм я фэеплъу зэрыщытыр.

- Хэтсэ дэтхэнэ жыгымкIи дэ зэкъудогъэувэ иджырей, къэкIуэну щIэблэр, нэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэр ящыдмыгъэгъупщэу. Ахэращ дэ ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэр, ди къэкIуэнум, ди къэралым, дэтхэнэ унагъуэми ди лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ мамырыгъэр къахуэзэзыгъэпэщар.

Нобэрей Iуэхум хэта дэтхэнэри илъэс IэджэкIэ нэужь мыбы къакIуэу лIыхъужьхэм захуигъэщхьыну, абыхэм я лIыгъэр, апхуэдэуи а жыгыр езым зэгуэр зэрыхисар игу къигъэкIыжыну. КъурыкIэ мы жыгхэр быдэрэ къаруфIэу - гъащIэм, фэеплъымрэ мамырыгъэмрэ я дамыгъэу! - къыхигъэщащ министрым.

- ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80 дгъэлъапIэр дэркIэ лъэхъэнэ псо пэлъытэщ икIи ди къалэнщ мамырыгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта сэлэт мелуан 27-р зэи тщымыгъупщэныр, - жиIащ Езауэ Анзор.

КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Бакуев Жамалрэ Пыхъ МуIэедрэ жаIащ «Фэеплъ жыг хадэ» хэкупсэ акцэр нобэрей щIэблэм нэхъыжьхэм хуащI фIыщIэшхуэр къызэрагъэлъагъуэу зэрыщытыр.

Къызэхуэсахэм абдежым жыгыщIэ 80 хасащ, текIуэныгъэр зэрыхъу илъэс бжыгъэм хуэкIуэу.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# ХадэхэкIым йогугъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ администрацэхэм мэкъумэш-промышленнэ комплексымкIэ я управленэхэм зэрытраухуамкIэ, 2025 гъэм республикэм хадэхэкI нэхъыбэ щащIэнущ илъэс блэкIахэм елъытауэ. Мы илъэсым абыхэм ирагъэубыдынущ гектар мин 17,1-рэ, 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 106,8-кIэ хуэкIуэу.**

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, гектар мини 7-м илъэс къэс кIэртIоф щыхасэ, мы гъэми а бжыгъэхэм къытенэжынущ.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн ипэIуэкIэ зэрыжиIамкIэ, гъатхэсэм гектар мин 216,5-рэ ирагъэубыдынущ мы гъэм, ауэ, нэгъаби хуэдэу, псори зэхэту гъавэ зытращIэ щIыр гектар 281,8-м къытенэжынущ.

Апхуэдэуи, ипэIуэкIэ хъыбар зэрыщыIамкIэ, гуэдзымрэ джэш хъуреймрэ зэхэту гектар мин 213,4-м тращIэнущ икIи ар проценти 3,6-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ нэхърэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ТВ нэтынхэр

## Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 28

**Первый**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПО ЗАКОНАМ ВОЕННОГО ВРЕМЕНИ. СТАЛИНГРАД». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**22.55** «Большая игра» (16+)
**23.55** «Время героев» (16+)
**00.55** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**Россия 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Х/ф «УГРОЗЫ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «АЛЕКСАНДР I» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.30** Д/ф «Великая неизвестная война» (12+)

**НТВ**

**04.45** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БЕЛАЯ ПОЛОСА» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ГОРОД ТАЙН» (16+)
**00.50** Т/с «ЭФФЕКТ ДОМИНО» (16+)

**Звезда**

**05.40** Д/ф «Герой 115» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «КОДОВОЕ НАЗВАНИЕ «ЮЖНЫЙ ГРОМ» (16+)
**12.30, 13.25** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.15, 17.15** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)
**18.00** «Освобождение Европы». «Огненный штурм Буда и Пешта» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «АЛЛЕГРО С ОГНЕМ» (16+)
**00.55** Х/ф «СМЕРТЕЛЬНАЯ ОШИБКА» (16+)
**02.30** Д/с «Трудовой фронт Великой Отечественной» (16+)
**03.10** Д/с «Москва фронту» (16+)

**Россия К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** Черные дыры. Белые пятна
**08.00** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.30** Х/ф «ЛЕВША» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 14.10, 23.50** Три минуты тишины
**11.20, 00.10** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Линия жизни
**13.55** Д/с «Забытое ремесло»
**14.15, 22.15** Х/ф «ЧЕРНАЯ СТРЕЛА» (16+)
**15.55** «Агора»
**17.15** И.С. Бах. Бранденбургские концерты. Юрий Башмет и Камерный ансамбль «Солисты Москвы»
**18.10** «Рассказы из русской истории»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.35** Линия жизни
**21.30** «Сати. Нескучная классика...»
**01.20** Д/ф «Тайны карнакских мегалитов»

**Матч!**

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.35** Новости
**07.05, 13.00, 22.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** Лица страны (12+)
**10.25** «Вопреки всему» (12+)
**11.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35, 01.35** Специальный репортаж (12+)
**13.55** «Непридуманные истории» (12+)
**14.30** География спорта (12+)
**15.00** «Непобедимый» (12+)
**15.40** Громко. Прямая трансляция
**16.45** Хоккей. Фонбет. Чемпионат КХЛ. 1/2 финала. Прямая трансляция
**19.30** Смешанные единоборства. И. Мачадо Гэрри - К. Пратес. UFC. Трансляция из США (16+)
**21.10** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**23.30** Д/ф «Шмейхель» (12+)
**01.55** Баскетбол. «ПАРМА» (Пермский край) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Единая лига ВТБ. 1/4 финала (6+)
**03.55** Новости (0+)

## Гъубж, мэлыжьыхьым и 29

**Первый**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПО ЗАКОНАМ ВОЕННОГО ВРЕМЕНИ. СТАЛИНГРАД». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**Россия 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Х/ф «УГРОЗЫ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «АЛЕКСАНДР I» (16+)
**23.30** Х/ф «ТАРАС БУЛЬБА» (16+)
**01.45** Д/ф «Война империй» (12+)
**03.20** Х/ф «ПЕРВЫЙ ПОСЛЕ БОГА» (16+)

**НТВ**

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БЕЛАЯ ПОЛОСА» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ГОРОД ТАЙН» (16+)
**00.50** Т/с «ЭФФЕКТ ДОМИНО» (16+)
**04.25** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

**Звезда**

**05.05** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «КОДОВОЕ НАЗВАНИЕ «ЮЖНЫЙ ГРОМ» (16+)
**12.30, 13.25** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.15, 17.15** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)
**18.00** «Освобождение Европы». «Балканский эндшпиль» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «КОДОВОЕ НАЗВАНИЕ «ЮЖНЫЙ ГРОМ» (16+)
**01.35** Х/ф «ВОЖДЬ БЕЛОЕ ПЕРО» (16+)
**02.50** Д/с «Трудовой фронт Великой Отечественной» (16+)
**03.30** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)

**Россия К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** Д/ф «Тайны карнакских мегалитов»
**08.10** Легенды мирового кино
**08.35** Д/с «Забытое ремесло»
**08.50** Х/ф «КАШТАНКА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 14.10, 23.50** Три минуты тишины
**11.20, 00.10** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Д/ф «Поднебесная Иакинфа Бичурина»
**13.40** Д/ф «Роман в камне»
**14.15, 22.15** Х/ф «ЧЕРНАЯ СТРЕЛА» (16+)
**15.50** «Сати. Нескучная классика...»
**16.30** Д/с «Коллекция»
**17.15** Н. Мясковский. Концерт для виолончели с оркестром. Александр Рамм, Дмитрий Лисс и Уральский академический филармонический оркестр
**18.05** Д/ф «Тайны карнакских мегалитов»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Лингвистический детектив. Андрей Зализняк»
**21.30** «Белая студия»
**01.15** Д/ф «Затерянное королевство викингов»
**02.10** Д/с «Нобелевские победы российской науки»

**Матч!**

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** География спорта (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.35** Новости
**07.05, 13.00, 16.45, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35, 01.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** «Вопреки всему» (12+)
**11.30** Смешанные единоборства. К. Сэндхаген - Р. Фонт. UFC. Трансляция из США (16+)
**13.55** «Непридуманные истории» (12+)
**14.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**15.00** «Непобедимый» (12+)
**15.40** Профессиональный бокс. Д. Лебедев - М. Гассиев. Трансляция из Москвы (16+)
**17.30** Д/ф «Тони Кроос» (12+)
**20.00** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Динамо» (Москва). FONBET. Кубок России. Путь регионов. 1/2 финала. Прямая трансляция
**00.00** Мелбет. Лига бокса. Бокс на Волге. Д. Кудряшов - Р. Букер. Трансляция из Самары (16+)
**01.55** Баскетбол. «Пари Нижний Новгород» - ЦСКА. Единая лига ВТБ. 1/4 финала (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Регби. «Енисей-СТМ» (Красноярск) - «Стрела-Ак Барс» (Казань). Суперкубок России. Трансляция из Санкт-Петербурга (12+)

## Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 30

**Первый**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «АнтиФейк» (16+)
**11.25, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПО ЗАКОНАМ ВОЕННОГО ВРЕМЕНИ. СТАЛИНГРАД». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**Россия 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Х/ф «УГРОЗЫ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Ну-ка, все вместе! Хором! (12+)
**00.50** Х/ф «НАРОДНЫЙ АРТИСТ» (16+)

**НТВ**

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БЕЛАЯ ПОЛОСА» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ГОРОД ТАЙН» (16+)
**00.50** Т/с «ЭФФЕКТ ДОМИНО» (16+)

**Звезда**

**05.10** Т/с «КРАСНЫЙ ЯР» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «ПЯДЬ ЗЕМЛИ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «СЛЕД ПИРАНЬИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Освобождение Европы». «Битва в логове зверя» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ЧЕРНЫЕ БЕРЕТЫ» (16+)
**00.40** Х/ф «ПРИКАЗАНО ВЗЯТЬ ЖИВЫМ» (16+)
**02.05** Х/ф «ПЯДЬ ЗЕМЛИ» (16+)
**03.25** Х/ф «АЛЛЕГРО С ОГНЕМ» (16+)

**Россия К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.15** Д/ф «Затерянное королевство викингов»
**08.10** Легенды мирового кино
**08.50** Х/ф «НЕМУХИНСКИЕ МУЗЫКАНТЫ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.05** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 14.10, 00.00** Три минуты тишины
**11.20, 00.20** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Д/с «Нобелевские победы российской науки»
**13.40** Д/ф «Роман в камне»
**14.15** Х/ф «КАПИТАН КИДД» (16+)
**15.45** Д/ф «Дом Вахтангова. Искусство сохранять»
**16.30** «Библейский сюжет»
**17.15** С. Прокофьев. Концерт №3 для фортепиано с оркестром. Николай Луганский, Николай Алексеев и Заслуженный коллектив России академический симфонический оркестр Санкт-Петербургской филармонии
**18.05** Д/ф «Затерянное королевство викингов»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** Х/ф «УСПЕХ» (16+)
**21.35** «2 Верник 2»
**22.20** Х/ф «ДЕВУШКА С ЖЕМЧУЖНОЙ СЕРЕЖКОЙ»
**01.25** Д/ф «Коломенское. Остров времени»

**Матч!**

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.35** Новости
**07.05, 13.00, 16.45, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35, 01.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** «Вопреки всему» (12+)
**11.30** Профессиональный бокс. Д. Чудинов - К. Юбенк. Трансляция из Великобритании (16+)
**13.55** «Непридуманные истории» (12+)
**14.30** «Вид сверху» (12+)
**15.00** «Непобедимый» (12+)
**15.40** Смешанные единоборства. И. Мачадо Гэрри - К. Пратес. UFC. Трансляция из США (16+)
**17.30** Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Ростов» (Ростов-на-Дону). FONBET. Кубок России. Путь регионов. 1/2 финала. Прямая трансляция
**20.00** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - ЦСКА. FONBET. Кубок России. Путь РПЛ. Финал. Прямая трансляция
**00.00** Смешанные единоборства. А. Туменов - А. Вагаев. АСА. Трансляция из Краснодара (16+)
**01.55** Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/4 финала (6+)
**03.55** Новости (0+)

## Махуэку, накъыгъэм и 1

**Первый**

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «БЕЛЫЕ РОСЫ» (12+)
**08.25** «Играй, гармонь, в Кремле! За Победу!» (12+)
**10.15** Д/ф «Победа» (16+)
**11.05** «Вспомнить все» (12+)
**12.15** Т/с «Я НЕ МОГУ БЕЗ ТЕБЯ» (16+)
**16.15** Х/ф «ОСВОБОЖДЕНИЕ». «ОГНЕННАЯ ДУГА». Фильм Юрия Озерова (12+)
**18.00** Вечерние новости
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ГъащIэм и алыфбей». Лэжьыгъэм и ветеран Гочияев И. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Анзорей къуажэ. Ещанэ фильм (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 30**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ирихьэлIэу. «Тщымыгъупщэн папщIэ». Къагъырмэс Хь. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху (6+)
**17.15** КъБР-м щыIэ волонтер зыщIэхъееныгъэ (12+)
**17.45** «Ди щIэинхэр». Жабелов Щамил
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, накъыгъэм и 1**

**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, накъыгъэм и 2**

**14.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, накъыгъэм и 3**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 4**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 28**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, мэлыжьыхьым и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 30**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, накъыгъэм и 1**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, накъыгъэм и 2**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, накъыгъэм и 3**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 4**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

# Къэбгъэгъэзэж хъунукъым, тщыгъупщэнкІи Іэмал иІэкъым




**«Сэ Шэрэдж Ищхъэрэ сыщыщщ, Къэгъэзэжхэ срапхъущ, ХьэкІашэхэ сранысэщ, си цІэр Хьэнифэтщ, си адэр Уэлэдщ. Си адэшхуэр Къэгъэзэж Къанщауэщ, абы къуиплІ иІащ - Жэмалдин, Нурхьэлий, Мухьэдин, Уэлэд. Куэд дыдэ зэуэ къыщызэщІезгъэубыдэну яужь сихьащ си тхыгъэми, щІэджыкІакІуэхэм къысхуагъэгъуну солъэІу. Псори зытещІыхьар си гукъэкІыжхэращи, зыр адрейм къитэджыкІыурэ, щІымыгъумэ ныкъуэ хъуурэ къысщыхъуурэ стха хъуащ». Апхуэдэу къыщІедзэ иджыблагъэ редакцэм къытІэрыхьа тхыгъэр. Ди гуапэу ар тыдодзэ лІыгъэм и пщалъэщи, щапхъэ къызытепхын куэд хэтщи, зауэм и гуІэгъуэ псори, зэрыжаІэу, Іуданэ плъыжькІэ щыпхышащи.**

- ЗЫ ИЛЪЭС фІэкІа сыхъуртэкъым ди адэр зауэм щысІэщІихам. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы и теплъи си нэгу къыщІэнакъым, си щхьэфэм Іэ къыдилъауи сщІэжыркъым, итІани, ар псэкІэ си гъусэщ. Сэ схуэдэу зи сабиигъуэр зауэм зыфІихьахэр куэдт, ауэ абыхэм я бжыгъэри махуэ къэс нэхъ мащІэ мэхъу. Ди къуажэр къапщтэмэ, зауэм и бын зыхужаІэу цІыху 20 дэсыжми ращ. Гугъуехьу тшэчамрэ адэншэу дыкъызэрыхъуам и мыхъур ттелъу дызэрыпсэуамрэ я хьэтыркІэ, гулъытэ мащІэ къытхуащІми ягъэ кІыну си гугъэтэкъым. Ауэ мыр нэгъуэщІ Іуэхущ.

Гупыр зыгъэгуп жыхуаІэм хуэдэу нэжэгужэу, цІыхум фІыуэ къалъагъуу, гушыІэ дахэ хэлъу, и теплъэри зэкІужрэ щІалэ лъагэ щхьэц фІыцІэу, нэ къуэлэн дахэу щытауэ жаІэж си адэр. КІэщІу жыпІэмэ, адыгэхэм щІалэ къудан зыхужаІэхэм хуэдэт. Ар пасэу колхозым хыхьат. Сыт хуэдизу лэжьыгъэр мыгугъуми, абы зыкъыдигъахуэурэ си адэм хузэфІэкІащ къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэр къызэригъэпэщын. «Апхуэдизкіэ макъамэр, къафэр фІыуэ илъагъурти, арыншауи псэуфынутэкъым», - жиІэжырт ди анэм. Зыщагъэсэни яІэтэкъыми, я къафэхэр щагъэувыр бжэи щхьэгъубжи зыхэмылъыж унэжь гуэрт.

Шыми хуэІэкІуэлъакІуэу, телефон пкъо хуэдиз зи лъагагъым шыкІэ къелъэу щытауэ жаІэж си адэр. Жэрыжэу здэжэм шы щІагъымкІэ къыщІэкІыурэ шым тетІысхьэжу щытауи ягъэхъыбар. Зауэм ипэкІэ, шыкІэ зэрыІэкІуэлъакІуэм щхьэкІэ, си адэр Мейкъуапэ ягъэкІуауэ щытащ цІыхухэр игъэсэну, тхыгъэм хэт сурэт цІыкІури абы щытрахауэ щытащ. Си адэр цІыху гумащІэу, благъэ имыгъэгъуащэу щытауэ жиІэжырт си анэм. Хабзэрэ нэмысрэ зэрыхэлъам и щапхъэщ сыкъищтауэ ди гъунэгъу лІыжь къилъэгъуати, щыукІытэу тхьэмахуэкІэ а нэхъыжьым зэрызыхуимыгъэзар.

1941 гъэм зауэ мыгъуэжьыр къэхъейри, а илъэс дыдэм дашащ ди адэр. ЗэуапІэм Іухьа зэкъуэшищри (нэхъыжьыр сымаджагъэкІэ фронтым яшауэ щытакъым) хэкІуэдащ. ЕгъэджакІуэу щыта Хужьокъуэ Музэлифэ яхэтащ си адэр щыдэкІ махуэм даша щІалэхэр



езыгъэжьахэм. Абы къызжиІэжат утыкур хуит хуащІу си адэр дахэу къызэрыфар, «фашистхэр ди щІыгум итхужынщи, Тхьэм жиІэмэ, дыкъэкІуэжынщ», жиІэу эшелоным зэритІысхьар. Иджы Нарткъалэ вокзалым сызэрытехьэу си адэр сигу къокІ, и иужьрей мамыр лъэбакъуэр мыбдежщ щичыжар жызоІэри.

Украинэрат си адэр здашар, абы щызауэу ди къуажэ щІалэхэу Гъубжокъуэ Умбарид, Щоджэн Залымджэрий, нэгъуэщІ гуэрхэми яхуэзат. Махуэ гуэрым ди сэлэтхэм я щІыбагъкІэ нэмыцэхэр къыдыхьэри, а зэхэуэм цІыху куэд хэкІуэдащ, Умбариди си адэри уІэгъэ хъуащ. Умбарид зэрыжиІэжамкІэ, езыр гъунэгъуу щыт сымаджэщым, си адэр Донецк, Луганск лъэныкъуэмкІэ яшащ.

А тІур афІэкІа зэхуэзэжакъым, абы щыгъуэ игъуэта уІэгъэм ихьами сщІэркъым си адэр. Абы письмоитІ-щы фІэкІа къимытхауэ жаІэ, си деж абыхэм ящыщи къэсакъым. Си адэм и хъыбар къыщызмылъыхъуа къэзгъэнакъым, Налшыки, Москваи, Подольск щыІэ дзэ архивми, нэгъуэщІ щІыпІэхэми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, и лъагъуэ сытехьэфакъым.

1948 гъэм дэ щхьэкІуэ тхылъ къытхуэкІуащ, «Къэгъэзэж Уэлэд хъыбарыншэу кІуэдащ» жиІэу иту. Си адэр лІыгъэншэу щытакъым, лІыгъэ щІапІэ имыхуами, и псэр щитым цІыху хузэфІэмыкІын ищІами сщІэркъым, зыхэта частыр згъуэтакъым.

Ди къуажэм щыщу Хужьокъуэ Былэ и гъусащ си адэм. Абы зэрыжиІэжамкІэ, зэхэуэ гуащІэ екІуэкІыу и лъакъуэр къызэпаудащ. Си адэр Былэ бгъэдыхьэри къигъэгугъащ зэзауэр тІэкІу нэхъ кІащхъэ хъумэ къигъэзэжыну, губгъуэм къримынэну. ЗэрыжиІауэ, жэщ хъуа нэужь зы щІалэ гъусэ ищІщ, фочхэр носилкэ хуэдэу зэблидзри, абы телъу санчастым

ІэрагъэхьащЬ. Тхьэм и фІыщІэкІэ Былэ къэкІуэжри унагъуи хъужащ, куэдри псэужащ. Былэ зэрыжиІэжамкІэ, си адэм и гъусэхэм я гукъыдэжыр къиІэтырт, зауэр кІащхьэ щыхъухэм и деж уэрэд яжриІэрт.

Былэ тпэмыжыжьэу псэурти, хэщІэкъукІыу щыблэкІкІэ, си адэр и гъусэ хуэдэу си нэгу къыщІыхьэрт.

Къэгъэзэж лъэпкъым щыщу цІыху 15 зауэм кІуати, абыхэм ящыщу зы цІыхум къигъэзэжакъым, я ани, щхьэгъуси, быни игъащІэкІэ Іумыплъэжыну зауэ губгъуэм къинащ. Зы лъэпкъым и дежкІэ хэщІыныгъэшхуэтэкъэ ар?! Зауэм хэкІуэдар жэнэтым кІуэуэ жаІэри, апхуэдэ фІыгъуэкІэ сахуэлъаІуэу, я псэр зыгуэркІэ згъэгуфІэмэ сфІэфІу сыхуейщ ди щІалэхэм я цІэ къисІуэну. Ар Къэгъэзэж Къанщауэ и къуэхэу Нурхьэлий (1906), Уэлэд (1915), Мухьэдин (1920), Къэгъэзэж КІашэ и къуэхэу Хьисэ (1911), Хъерлы (1915), Машэ и къуэхэу Илья (1911), Ляхьим (1912), Къэралбий (1922), ПІытІэ и къуэ Алий (1918), Мухьэмэд и къуэ Батырбий (1925), Шухьиб и къуэ Безрыкъуэ (1909), Ибрэхьим и къуэ Кушбий (1909), Максим и къуэ Михаил (1912), Хьэбыж и къуэ Темболэт (1920), Берд и къуэ Хьэзешэ (1904) сымэщ.

Си анэр (БжэІумыххэ япхъут) гугъу ехьащ жыпІэнри, зыри жумыІэххэнри зыщ. Уэс къатесауэ лъапэкІэ нартыху къалъыхъуэут абыхэм гъавэр зэрызыщІакъуэжыр. Шабий зэрыкуа, былымыфэм къыхэщІыкІа гуэншэрыкъыр щыщтыхьауэ къэкІуэжрэ, си анэшхуэм псы хуабэм хригъэгъэувэурэ и лъакъуэхэр къригъэгъэхуэбжу зэрыщытар сощІэж.

1943 гъэм колхоз лэжьыгъэм я къаруушхуэ зэрырахьэлІам, гъавэ бэв къызэрагъэкІам папщІэ, цІыху гупым къратауэ щытащ «Хэку зауэшхуэм щыгъуэ щытхъу яІэу зэрылэжьам папщІэ» медалыр. АбыкІэ ягъэлъэпІахэм яхэтащ си адэшхуэ

БжэІумых Къантемыр. Ар пхъащІэ Іэзэт, цІыхухэр Дзэлыкъуэ зэрыкІуэн гуибл ищІауэ щытащ абы зы щІымахуэм къриубыдэу. Къапщтэмэ, ди Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэр, Будённэм и цІэр зезыхьэ колхозыр, бэлыхьу дэІэпыкъуауэ щытащ зэуапІэм Іутхэм. Абы фронтым иритат шыуэ 217-рэ, щыгъын хуабэу (кІагуэ, гъуэншэдж дыта, пыІэ, Іэлъэ, лъэпэд, щІакІуэ хуэдэхэр) 142-рэ, танк щащІ заводым сом 55000 ирагъэхьауэ щытащ.

Си анэм и дэлъхухэу БжэІумых Умаррэ Сулимэнри гулъытэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщщ. Ахэр 1941 гъэм зэуапІэм Іухьауэ щытащ, Сулимэн илъэс 17 фІэкІа хъуртэкъым абы щыгъуэ. ТІури, Тхьэм и фІыщІэкІэ, къэкІуэжащ, Берлин нэс кІуэри текІуэныгъэр къахьауэ. ЩыдэкІхэм сыцІыкІу дыдэу щытами, къыщыкІуэжахэм илъэсибл сыхъурти, фІыуэ сощІэж ахэр къызэрырагъэблэгъэжауэ щытар. ЦІыхухэр нэхъ гуапэт абы щыгъуэ, къуажэ псор къытхуэкІуэрт къыддэгуфІэу, я бгъэхэр орденрэ медалкІэ щІэгъэнауэ къэкІуэжа щІалитІым Іуплъэнхэу. Умари Сулимэни зауэ нэужьым колхозым щылэжьащ, лъапсэрых хъуа жылэр зэфІэгъэувэжын хуейтэкъэ?! Зыкъомрэ колхозым хэтауэ парт школ нэхъыщхьэ щІэтІысхьэри щеджащ, пщІэрэ щІыхьрэ яІэу цІыхум яхэтащ псэуху.

Сызыхэс лъэпкъымкІэ къэзгъэзэнщи, си щхьэгъусэ ХьэкІашэ Александр и адэ Умар Къарэ и къуэр пщІэшхуэ зиІэ цІыхуу дунейм тетащ. Совет властыр щагъэувым лэжьыгъэшхуэ абы хэзылъхьахэм, япэу партым хыхьахэм ящыщ зыщ, къуажэ унафэщІуи куэдрэ лэжьащ. Умар 1928 гъэм дунейм ехыжащ. Ар щылІам Налшык цІыху къикІхэри, оркестр щІыгъуу щІалъхьауэ щытащ.

Умар и къуищми я гугъу сщІынут. Нэхъыжьыр Жамболэтщ. Зауэр къыщыхъеям и ныбжьыр илъэ 52-рэ хъурт, ауэ абы щхьэкІи къимыгъанэу, езыр щІэлъэІури, зауэм дэкІащ. 1943 гъэм Сталинград деж щекІуэкІа зауэм хэкІуэдащ. ЩІалэ етІуанэм - Билал - и щхьэкІуэ тхылъ 1943 гъэм унагъуэм къыІэрыхьауэ щытащ. Илъэс 30-м нэблагъэ дэкІауэ, Налшык унэ гуэр щакъутэу, нэмыцэхэм яубыдауэ абы зэрыщаІыгъымкІэ тхыгъэ къыщагъуэтауэ щытащ.

КъызэрыщІэкІымкІэ, ди щІыпІэм щаукІахэм ящыщт ар. Ещанэр, Мэстафэ, 1924 гъэм Налшык къыщызэІуахауэ щыта Лениным и еджапІэ къалэ цІыкІум япэу щІэтІысхьахэм язт. Ар хъарзынэу къиухри, Къэхъун къуажэм колхоз унафэщІу щылэжьащ. ИужькІэ Лэскэн щыІэ «Красный партизан» колхозым и парт зэгухьэныгъэм и секретару щытащ. Нэмыцэхэр гъунэгъу къыщыхъум, коммунистхэр партизану мэзым щІыхьэжат. Мэстафэ шым къехуэхри и Іэблэр къутащ. Ар иригъэшхэну жэщу къуажэм къэкІуэжауэ, Мэстафэ нэмыцэхэм яубыдащ. Абы бэлыхьышхуэ трагъэлъауэ жаІэж, ауэ зыри яхужиІакъым, парт билетри яритакъым. Сыт иращІэми зыри къыщыпамыхым, адрей гъэрхэм я гъусэу ирашэжьауэ, Польшэм нэсауэ кІуэцІрашу советскэхэм къаубыдыжу Налшык къашэжауэ жаІэ. «ГъэрыпІэм щхьэ зыкъибгъэхута, уи парт билетыр дэнэ щыІэ?» - жаІэу нэхъыбэж и фэм дахащ икІи и судыр ящІащ илъэсипщІкІэ Сыбыр щыІэну. А пІалъэр имыухыу и гъащІэр иухри щІалъхьэжауэ къыджаІэжауэ щытащ. Мис ращ Умар и къуищым я кІуэдыкІар.

ХьэкІашэ МытІэ Умар и къуэшщ. МытІэ зы къуэ закъуэ иІащ СулътІан и цІэу. Абы зауэм ипэкІэ Москва къыщиухауэ щытащ Тимирязевскэ академиер. Райцентрыр Старэ Шэрэджт абы щыгъуэм, абы щылажьэу нэмыцэхэр къуажэм къыдыхьэри, партизанхэм яхыхьэнуи хунэмысу занщІэу яукІащ. И къуэ закъуэм и хьэдэ къудей щІилъхьэжыну игъуэтыжакъым адэм. ЩІалэ фызкъэмышэу кІуэдащ.

Умар и къуэшщ Алии. Котляревкэ и деж хужьыдзэм щезауэу, 1918 гъэм щІышылэм и 15-м щаукІауэ щытащ ар. Алий къуитІ къыщІэнащ - ФІыцІэрэ Мэжидрэ. ФІыцІэ кхъухьлъатэзехуэ щхьэмыгъазэу хэтащ зауэм, 1943 гъэм хэкІуэдащ. Мэжид танкисту щытащ, Хэкур ихъумэу хэкІуэдащ 1941 гъэм. ТІуми унагъуэ къащІэнакъым.

ХьэкІашэ Хъанджэрий Умар и къуэшым и къуэт. Зауэ зэманым абы милицэм къулыкъу щиІыгъыу щытащ, тІасхъэщІэххэми яхэтащ. «ЩІыхьым и дамыгъэ», «И хахуагъэм папщІэ» медалхэр къыхуагъэфэщат абы.

ХьэкІашэ лъэпкъ мащІэм щыщу цІыхуий зауэм кІуати, зым (Хъанджэрий закъуэ) къигъэзэжауэ ращ. Зауэ угъурсызым лъапсэрыхыр къызыхуигъэкІуа лъэпкъым щІалитІ къинауэ арат - Александррэ Юрэрэ. Мыхэр Жамболэтым и къуэт. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям Александр илъэс 14-м иту арат. АфІэкІа зи мыныбжь сабийр гу зэщІэщІа итІысхьэри, зауэр иухыху лэжьащ, колхозым хузэфІэкІ щищІэу. Зауэр увыІа иужь, Александр Новочеркасск кІуэри Іэщ дохутыру еджащ, илъэс 40-м нэскІэ а ІэщІагъэм ирилэжьащ. Тэрчокъуэ Къамболэт и гъусэу Арщыдан колхозыр пашэ зыщІахэм ящыщщ ар.

Юри щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтат, Нарткъалэ дэт АТХ-м унафэщІу щыІащ, къыщалъхуа Шэрэдж Ищхъэрэм и колхозым и унафэщІу илъэси 10-кІэ щытащ, иужьрей илъэсхэм лэжьащ Нарткъалэ элеваторым и унафэщІу. ЗэкъуэшитІри диІэжкъым, Тхьэм жэнэткІэ игъэгуфІэ.

Хэку зауэшхуэм къытхуихьа гузэвэгъуэм хуэдэ Алыхьым зэи цІыхум яримыгъэлъагъужкІэ, зы сабий закъуи зеиншэ имыщІкІэ. Сэ схузэфІэкІамэ, а гугъуехь къомэр зышэча фызабэхэмрэ зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэмрэ я цІэкІэ фэеплъ згъэувынт. Зымылъэгъуам ар къыгурыІуэнукъыми, зэи зыми ар зыхимыщІэну си хъуэпсапІэщ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**

# Ислъамым и нур



*Зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ**

## Хэкур щIэинщ

**Илъэс блэкIам Адыгэ Республикэм урысыбзэкIэ къыщыдагъэкIащ адыгэ дин щIэныгъэлI, узэщIакIуэ Мэрэтокъуэ Нухь 1912 гъэм Къэзан типографием хьэрыпыбзэкIэ щытрыригъэдзауэ щыта «Адыгэхэм я тхыдэм къыхэлыдыкI напэкIуэцIхэр» тхылъыр. IэщIагъэлI зыбжанэм ягъэхьэзыра зэдзэкIыгъэм я гуащIэ халъхьащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр джынымрэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмкIэ центрым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Зайцев Илья, Адыгэ Республикэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым этнологиемрэ лъэпкъ гъуазджэмкIэ и къудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Хъуэткъуэ Самир, Кавказымрэ Азие Курытымрэ джынымкIэ РАН-м и лабораторэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Нэфлашэ Наимэ, нэгъуэщIхэми.**

МЭРЭТОКЪУЭ Нухь ТхьэкIумащIэ и къуэр (1847 - 1932) къызыхэкIа лъэпкъ къудамэкIэ абэзэхэщ. Къаир дэт «Iэл-Iэзхьэр» университетыр къиуха нэужь, абы 1895 гъэм Джэрыкъуей къуажэм игъэзэжри, мэжджытищ зыдэт, цIыху 971-рэ зыдэс жылэм и ефэндыуэ лэжьащ. Ислъамыр зэрадж тхылъхэм нэмыщI, Мэрэтокъуэм лъэпкъым ифI зезыхуэ гупсысэхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Большевикхэр диным щабэу хущытыху, жылагъуэ съездхэм кIуэуэ, утыкум къыщыпсалъэу, пщIэшхуэ иIэу къекIуэкIащ Мэрэтокъуэр. Ауэ 1927 гъэм щхьэусыгъуэншэу ягъэтIысри, цIыхухэм кърагъэутIыпщыжыну къажыхьа щхьэкIэ, зыри къимыкIыу, 1932 гъэм хьэпсым ису дунейм ехыжауэ щытащ.

РАН-м КъуэкIыпIэр джынымкIэ и институтым щылажьэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бадерхан Фасих 2001 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ «Кавказ Ищхъэрэм иIэпхъукIахэр Тыркум, Сирием, Иорданием зэризэгъар» тхылъыр. «Iэпхъуэным щхьэусыгъуэ гущIыхьэ хуэхъуахэр» Iыхьэм абы и гугъу щещI Мэрэтокъуэ Нухь икIи ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа и тхылъым щыщ пычыгъуэхэр щыхьэту къегъэув, адыгэхэр зыгъэщхьэрыуахэр куэд хъууэ щытми, лъэпкъыр и пIэм къинэным, и Хэкур зыIэщIимыгъэкIыным тезыгъэгушхуахэри зэрыщыIар, Мэрэтокъуэри апхуэдэхэм я щапхъэт.

«Урысхэм уазэрыгурыIуэн Iэмал зэрыщыIэм шэч хэлътэкъым, бийм къарит ахъшэ тIэкIум щIэнэцIу, лъэпкъым и епцIыжакIуэхэм цIыхухэр Тыркум Iэпхъуэным къыхураджэн щIамыдзатэмэ, - щетх Мэрэтокъуэм зи гугъу тщIы тхылъым. - ЩIэныгъэ зэрабгъэдэмылъым къыхэкIыу, Хэкур зыбгынахэм занщIэу я фIэщ хъуащ тырку тетыгъуэм къызэригъэгугъэ «гущIэгъумрэ гуапагъэмрэ» икIи япэ махуэм щыщIэдзауэ мащэ Iуфэм къыщыхутахэщ, зыри дэIэпыкъуэгъу ямыгъуэту. Хэкум икIа нэужь, ахэр щыгугъырт бий бзаджэм IэщIэкIыу езыхэм динкIэ я къуэш къэралым къыщыхутэну. Ауэ ар щыуагъэт. Дагъыстэнымрэ Адыгэ Хэкум щыщ ди къуэшхэмрэ нобэми «хьэжрэт узым» иIыгъщ, щIыпIэр пхъуэжыныр ислъамым къабыл зэрищIым игъэщхьэрыуауэ, мэIэпхъуэ, ди жагъуэ зэрыхъущи. Абыхэм ящIэркъым щIыпIэщIэм зэрызыщамыхъумэжыфынур, сыту жыпIэмэ, хамэщIым уIэпхъуэныр лIэныгъэ пэлъытэщ».




«Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ дэ тыркухэм я деж дымыIэпхъуэнкIэ Iэмал имыIэу щыIэр? - щIэупщIэрт Мэрэтокъуэр. - Муслъымэнхэр Iэмал имыIэу Уэсмэн империем щыпсэун хуеймэ, сыт зи щIыналъэр яубыда адрей муслъымэн лъэпкъхэр абы щIэмыIэпхъуэр? Си лъэпкъэгъухэ! Хьэжрэтым (нэгъуэщIыпIэ Iэпхъуэным) гъэщIэрэщIауэ тепсэлъыхьхэм жаIэр фи фIэщ фымыщI. Мухьэмэд бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам хэку бгынэныр игъэдахэртэкъым. «ТекIуэныгъэ нэужьым хьэжрэт щыIэкъым», - жиIэу щытащ абы. Сэри слъагъуркъым дин IуэхукIэ ущIэIэпхъуэн щхьэусыгъуэ. Бегъымбар лъапIэм и псалъэхэр фымыщIэныр емыкIукъэ? Хьэжрэтыр Iэмалыншэ хъуауэ щIыщытар Мэккэ муслъымэнхэм къаIэрыхьэн ипэкIэ, быдэу зэкъуэувэн папщIэт. Къалэр къаIэрыхьэжа нэужь, ущIэIэпхъуэн щхьэусыгъуэр кIуэдыжащ. Хэкум щыпсэуну Iэмал къызыхуэмынэжа гуэрхэр щыIэу щытми, дэнэ щыфщIэр Уэсмэн империер жэнэт унапIэ фхуэхъуну? Фи бынхэми абыхэм я быныжхэми я гъусэу фыгъыжынущ, абыхэм игъащIэкIи къыфхуагъэгъунукъым нобэ ефщIэр».

Тхыдэми дызэрыт зэманми къегъэлъагъуэ Мэрэтокъуэ Нухь и псалъэхэм я мыхьэнэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэр.

# Адэ-анэм уедэIуэным и мыхьэнэр

**«Жэм» зи цIэ сурэр КъурIэн лъапIэм и етIуанэщ, «Фатихьэм» и ужьым иту къокIуэ. Муса бегъымбар-лъапIэм и зэманым журтхэм ящыщ лIы гуэр яукIати, ар зыщIар къащIэн папщIэ, Алыхьталэм жэм гуэр къурмэн ящIу, абы щыщ зы Iыхьэкlэ хьэдэм теIэбэну унафэ къахуищIат. Апхуэдэу ящIа нэужь, лIыр къэхъужри, зыукIам и цIэр къриIуащ.**

КЪУРМЭН ящIа жэмым и хъыбарыр къызэрыгуэкIыу зэрыщымытам и хъыбарым ущрохьэлIэ «Рухьул Бэян»-кIэ зэджэ КъурIэн лъапIэм и тэфсирым.

«Iисраiил и бынхэм (журтхэм) Тхьэм етауэ зылI яхэтт, зы щIалэ цIыкIурэ зы шкIэрэ иIэу. Махуэ гуэрым лIым и шкIэр мэзым ишэри, духьэ ищIащ: «Я ди Тхьэ! Мы шкIэр си къуэр ин хъуху схуэхъумэ». Зэман дэкIри, лIыр дунейм ехыжащ. ШкIэри танэшхуэ хъуащ, ауэ къаубыдыну хуежьэмэ, зыри зыбгъэдигъэхьэртэкъым.

ЩIалэ цIыкIури ин хъуащ. Абы апхуэдизкIэ ныбжьыщIэ жыIэдаIуэ къыхэкIати, и анэм зэ къыжриIар етIуанэу жримыгъэIэжу, игъэзащIэрт. ЩIалэм жэщыр Iыхьищ ирищIыкIырт: зы Iыхьэм нэмэз ищIырт, етIуанэм жейрт, ещанэм и анэм щхьэщыст, къызэрыушу зыхуейр хуищIэн папщIэ. Махуэм бгыщхьэм дэкIуейрти, пхъэ гъур зэхуихьэсурэ бэзэрым щищэрт. Къилэжь ахъшэри Iыхьищ ирищIыкIырт: зы Iыхьэр тхьэмыщкIэхэм яхуигуэшырт, етIуанэр и щхьэм тригъэкIуадэрт, ещанэр и анэм иритырт.

Зэгуэрым анэм щIалэм жриIащ: «Уи адэм зы шкIэ къыпхуигъэнауэ мэзым щIэтщ Алыхьталэм и анэмэту. Мэзым кIуэ, Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб сымэ я хьэтыркIэ ди Тхьэм сынолъэIу си шкIэр къызэптыжыну жыIи, къэгъуэтыж. ШкIэм нурыр къыщхьэщех, и фэм дыгъэпс тебзам ещхьу. «ДыщэпскIэ гъэщIэрэщIа шкIэ» щIыфIащар аращ».

ЩIалэр мэзым кIуэри, хъуакIуэу щIэт танэр къилъэгъуащ. «Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб сымэ я Тхьэм и цIэкIэ къызбгъэдыхьэ», - еджащ ар танэм. Мори къыбгъэдэлъадэри, Алыхьым и къарукIэ къэпсэлъащ: «Уа и анэм хуэжыIэщIэ щIалэ! КъыстетIысхьэ, ар лъэсу укIуэн нэхъ тыншщ».

- Си анэм «и пщэр убыд» жиIащ, сыптетIысхьэну унафэ къысхуищIакъым.

- Тхьэ пхузоIуэ, укъыстетIысхьами, къызэмыхьэлъэкIынут. Уи анэм узэредаIуэм щхьэкIэ, мо бгым «си деж къакIуэ» жепIэми, къодэIуэнущ уэ.

ЩIалэр унэм къэкIуэжащ. Арати, и анэм къыжреIэ:

- Си щIалэ цIыкIу, уэ утхьэмыщкIэщ, зыри уиIэкъым. Жэщхэм нэмэз пщIыуэ, махуэм пхъэ зэхуэпхьэсу удэтыну гугъущ. Мы танэр бэзэрым шэ, щэи, къыщIэкIым дрипсэунщ.

- Дапщэ зэрысщэнур?

- ДинарищкIэ щэ, ауэ сэ укъызэмычэнджэщауэ, уасэмкIэ угурымыIуэ.

Танэм и бэзэр уасэр динарищт. Алыхьталэм щIалэр и анэм фIыуэ зэрыхущытым щхьэкIэ фIы хуигъэзэну хуейуэ, цIыху сурэтым ит мелыIыч къыхуигъэкIуащ. Ар къоупщI:

- Дапщэ уи танэм жыпIэр?

- ДинарищкIэ сощэ, си анэр арэзымэ.

- Уи анэм жумыIэ, динарих уэстынщ.

- Мы танэм и хьэлъагъ дыщэ къызэптми, си анэм имыдэу уэстынукъым.

ЩIалэр унэм кIуэжри, псори и анэм жриIэжащ. ЕтIуанэ махуэми бэзэрым кIуэну зыщигъэхьэзырым, и анэм къыжриIащ:

- ДинарихкIэ щэ, си арэзыныгъэр и гъусэу.

МелыIычыр аргуэру къыбгъэдыхьащ щIалэм:

- ЖепIа уи анэм?

- Динарих нэхърэ нэхъ мащIэкIэ умыщэ, къызжиIащ, езыми сечэнджэщыжынущ.

- Динар 12 уэстынщ, уи анэм жумыIэ.

ЩIалэм аргуэру имыдэу, и анэм деж къэкIуэжри псори жриIэжащ. Анэм жеIэ:

- А къыпхуэкIуар цIыху сурэтым ит мелыIычщ, уигъэунэхуу аращ. Иджы къакIуэмэ, еупщI: «Сыт чэнджэщу къызэптын, сщэн мы танэр хьэмэ къэзгъэнэн?»

ЩIалэр бэзэрым макIуэ. МелыIычыр къыбгъэдохьэ. ЙоупщI:

- Сыт чэнджэщу къызэптын? Сщэн мы танэр, хьэмэ къэзгъэнэн?

МелыIычым къыжреIэ:

- Уи анэм деж кIуэжи, мыпхуэдэу жеIэ: «Мы танэр думыгъащэ! Махуэ гуэрым ар Муса-бегъымбар лъапIэр къэкIуэнурэ ищэхунущ, журтхэм ящыщ лIы гуэр зыукIар къищIэн папщIэ».

МелыIычым жиIэм едаIуэри, зэанэзэкъуэм танэр ящакъым. Алыхьталэм Iисраил и бынхэм къурмэн ящIыну зи гугъу яхуищIар а танэрат. Журтхэм абы и теплъэм щIэупщIэн щагъэтакъым, зэрыщытыр къащIэху. ЩIалэр и анэм зэредэIуам щхьэкIэ, Алыхьталэм а фIыгъуэр къылъигъэсауэ щытащ.

Дауи, мы хъыбарыр дахащэщ нэхъыщIэхэр ирибущиинкIэ. Ауэ тэфсирыр зи IэдакъэщIэкI Бурсалий Исмэхьил Хьэкъкъий гу лъыдегъатэ ныбжьыщIэр зыгъэса адэ-анэм я лъагагъыми. Япэрауэ, и адэр Тхьэм етауэ зэрыщытам и щыхьэтщ абы шкIэр Алыхьым анэмэт зэрыхуищIар, а лъэIури къабыл зэрыхъуар. ЩIалэр зыхуэжыIэщIэ анэри анэ къызэрыгуэкIыу щытамэ, мелыIычыр къицIыхунтэкъым, Муса-бегъымбарми хуэзэнтэкъым. Псори къэгъэнауэ, нэгъуэщI дин зепхьэрэ пэт, зэман дэкIмэ къехыну КъурIэн лъапIэм и сурэхэм я нэхъ иныр зытепсэлъыхьыну жэмыр зепхуэн папщIэ, сыт хуэдэ цIыхуут узэрыщытын хуейр?!

# Накъыгъэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, махуэку | 03.25 | 04.57 | 12.13 | 16.06 | 19.11 | 20.51 |
| 2, мэрем | 03.24 | 04.56 | 12.13 | 16.06 | 19.13 | 20.53 |
| 3, щэбэт | 03.22 | 04.54 | 12.13 | 16.07 | 19.14 | 20.54 |
| 4, тхьэмахуэ | 03.20 | 04.53 | 12.13 | 16.07 | 19.16 | 20.56 |
| 5, блыщхьэ | 03.18 | 04.51 | 12.13 | 16.07 | 19.17 | 20.58 |
| 6, гъубж | 03.16 | 04.50 | 12.13 | 16.08 | 19.18 | 20.59 |
| 7, бэрэжьей | 03.15 | 04.49 | 12.13 | 16.08 | 19.19 | 21.01 |
| 8, махуэку | 03.13 | 04.48 | 12.12 | 16.09 | 19.20 | 21.03 |
| 9, мэрем | 03.11 | 04.46 | 12.12 | 16.09 | 19.21 | 21.04 |
| 10, щэбэт | 03.10 | 04.45 | 12.12 | 16.10 | 19.22 | 21.05 |
| 11, тхьэмахуэ | 03.08 | 04.44 | 12.12 | 16.10 | 19.23 | 21.06 |
| 12, блыщхьэ | 03.06 | 04.43 | 12.12 | 16.10 | 19.25 | 21.08 |
| 13, гъубж | 03.05 | 04.42 | 12.12 | 16.10 | 19.26 | 21.09 |
| 14, бэрэжьей | 03.03 | 04.41 | 12.12 | 16.11 | 19.27 | 21.10 |
| 15, махуэку | 03.02 | 04.40 | 12.12 | 16.11 | 19.28 | 21.11 |
| 16 мэрем | 03.00 | 04.40 | 12.12 | 16.11 | 19.28 | 21.11 |
| 17, щэбэт | 02.59 | 04.39 | 12.12 | 16.12 | 19.30 | 21.13 |
| 18, тхьэмахуэ | 02.57 | 04.37 | 12.13 | 16.12 | 19.31 | 21.14 |
| 19, блыщхьэ | 02.56 | 04.36 | 12.13 | 16.12 | 19.32 | 21.15 |
| 20, гъубж | 02.55 | 04.35 | 12.13 | 16.13 | 19.33 | 21.16 |
| 21, бэрэжьей | 02.53 | 04.34 | 12.13 | 16.13 | 19.34 | 21.17 |
| 22, махуэку | 02.52 | 04.33 | 12.13 | 16.13 | 19.35 | 21.18 |
| 23, мэрем | 02.51 | 04.32 | 12.13 | 16.14 | 19.36 | 21.19 |
| 24, щэбэт | 02.49 | 04.32 | 12.13 | 16.14 | 19.37 | 21.21 |
| 25, тхьэмахуэ | 02.48 | 04.31 | 12.13 | 16.14 | 19.38 | 21.22 |
| 26, блыщхьэ | 02.47 | 04.30 | 12.13 | 16.15 | 19.39 | 21.23 |
| 27, гъубж | 02.46 | 04.29 | 12.13 | 16.15 | 19.40 | 21.24 |
| 28, бэрэжьей | 02.45 | 04.29 | 12.14 | 16.15 | 19.41 | 21.25 |
| 29, махуэку | 02.44 | 04.28 | 12.14 | 16.16 | 19.41 | 21.25 |
| 30, мэрем | 02.43 | 04.28 | 12.14 | 16.16 | 19.42 | 21.26 |
| 31, щэбэт | 02.43 | 04.28 | 12.14 | 16.16 | 19.42 | 21.26 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

● Мэлыжьыхьым и 25-р Адыгэ ныпым и махуэщ



# Лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ

**КъБКъУ-м и киноконцерт пэшым гукъинэжу щагъэлъэпӀащ Адыгэ ныпым и махуэр. Ар къызэригъэпэщащ педколледжым и егъэджакӀуэ, филологие щӀэныгъэхэмкӀэ кандидат Пэщол Сэкимэ.**

ПШЫХЬЫР езыгъэкӀуэкӀхэм къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ адыгэ ныпым и тхыдэм, абы тет шабзэхэмрэ вагъуэхэмрэ я мыхьэнэм.

Дунейм и лъэпкъ псоми я дамыгъэ, адрейхэм къазэрыщхьэщыкӀ нагъыщэ яӀэжщ, бзэ, хабзэ, дуней тетыкӀэ жыпӀэми. Адыгэ ныпыр зыщӀар зэхэгъэкӀыпауэ ящӀэркъым. Языныкъуэхэм зэрыжаӀэмкӀэ, щэкӀ удзыфэм шабзищрэ вагъуэ пщыкӀутӀрэ щыхидыкӀыу Хэкум къезыгъэхьар Уэсмэн империем щыпсэу адыгэ бзылъхугъэщ. ЕтӀуанэ Ӏуэху еплъыкӀэр: 1836 гъэм инджылыз тӀасхъэщӀэх Джон Уркварт Шэрджэс Хэкум адыгэу хъуам я нып кърigъэхьауэ жаӀэж. А гъэ дыдэм Шапсыгъым щекӀуэкӀа Хасэм къекӀуэлӀауэ хъуам шабзищрэ вагъуэ пщыкӀутӀрэ зытет ныпыр Шэрджэс Хэкум и ныпу къащтэным арэзы техъуащ. Абы къыщыщӀэдзауэ адыгэхэр а ныпым щӀэту я щхьэхуитыныгъэм щӀэзэуащ.

1992 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м Адыгэ Республикэм и нып дамыгъэу къащтащ ар. ИужькӀэ, 2010 гъэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэкӀэ мэлыжьыхьым и 25-р «Адыгэ ныпым и махуэу» ягъэуващ.

Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къэзыухъуреихь дунейм пщӀэ хуащӀу къокӀуэкӀ. Дунейм и берычэтым и плъыфэ нэхъыщхьэр щхъуантӀафэращ. Арауэ жаӀэ ди ныпыр щӀэудзыфэр. НэгъуэщӀхэм зэрыжаӀэмкӀэ, а плъыфэр къыщӀыхахар муслъымэн диным и плъыфэ нэхъыщхьэр зэрыудзыфэращ. Бэракъым тет вагъуэ 12-р шэрджэс лъэпкъ нэхъ инхэм я зырызщ. Зи пэр дэгъэзея шабзищ зэблэдзар зауэр гъэувыӀэным, мамырыгъэр дунейм щытепщэным, зэгурыӀуэныгъэм я дамыгъэт. ЖыпӀэнурамэ, адыгэ лӀакъуэхэр зэкъуэзыгъэувэт ныпыр.

Педколледжым пэщӀэдзэ классхэм я егъэджакӀуэхэр, сабий садым и гъэсакӀуэхэр щагъэхьэзыр, юриспруденцэ къудамэхэм щеджэ и студентхэм, Сочэ къалэм щекӀуэкӀа «Родные языки России» зэпеуэм и лауреат хъуа Къазий Аделинэ я пашэу, адыгэ ныпым, лъэпкъ




лӀакъуэхэм, адыгагъэм теухуауэ Бемырзэ Мухьэдин, ЩоджэнцӀыкӀу Нурий, АфӀэунэ Лиуан, нэгъуэщӀхэми я Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа усэхэм къеджа нэужь, адыгэ лӀакъуэхэм (беслъэней, абазэх, кӀэмыргуей, бжьэдыгъу, мамхэгъ, жэней, мэхъуэш, натыхъуей, убых, шапсыгъ, хьэтыкъуей, къэбэрдей) я тхыдэмрэ зыужьыкӀэмрэ къытеувыӀащ. КъыкӀэлъыкӀуэу удихьэхыу ягъэлъэгъуащ адыгэ хьэгъуэлӀыгъуэм щыщ унэишэ хабзэм щыщ теплъэгъуэ. Ар хъуэхъу дахэхэмкӀэ, уэрэдрэ къафэхэмкӀэ гъэнщӀауэ щытащ.

- Дэтхэнэ зы лъэпкъми езым и хабзэхэр иӀэжщ, псоми зэдагъэзэщӀэн хуейуэ. Хабзэр лъэпкъым и набдзэщ, и бзыпхъэщ, и нэмысщ. Лъэпкъыр фӀыми Ӏейми къызэращӀэр аращ. Лъэпкъым хабзэфӀ иӀэмэ, узыншэщ, шэч хэмылъу. Аращ дэтхэнэ зы адыгэми ар щӀищӀапхъэр. «Сыадыгэщ» жызыӀэ дэтхэнэ зыми псом япэ иригъэщыпхъэщ лъэпкъ хабзэхэр, - жиӀащ Пэщол Сэкимэ. - Ныпыр - напэщ. Ныпыр къэралым, абы и цӀыхухэм, лъэпкъым пщӀэ зыхуищӀу иӀэ лъапӀэныгъэ псоми я дамыгъэщ. Иджыпсту адыгэ ныпыр ди спортсменхэм дуней псом къыщаӀэт, щагъэлъагъуэ, ирогушхуэ. ХьэгъуэлӀыгъуэхэм, махуэ лъапӀэхэм къыгуэхыпӀэ зимыӀэ и Ӏыхьэ лъапӀэ хъуащ.

- ФӀэхъус апщий, ди адыгэ лъэпкъми, гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщу мы зэхыхьэ дахэм кърихьэлӀа дэтхэнэми! Мыпхуэдэу екӀуу, удихьэхыу адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ щӀэблэ дахэ зэрыдиӀэр узыгъэгуфӀэщ икӀи узыгъэгушхуэщ! Мы зэхыхьэ щхьэпэр зи жэрдэм, ар зыгъэхьэзыра Пэщол Сэкимэрэ ар зыгъэбжьыфӀа и студентхэмрэ, адыгэ лъэпкъым ди напэу ялъытэ ныпым и махуэр зыгъэлъапӀэ, анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ, ди тхыдэм зыщызыгъэгъуазэ, макъамэм зезыгъэужь дэтхэнэ зыми фӀыщӀэ фхуэфащэщ, - жиӀащ КъБКъУ-м и педколледжым и етӀуанэ къудамэм и унафэщӀ Къунащ Еленэ. - Тхыдэ дахэ зиӀэ ди ныпыр дяпэкӀи дывгъэхъумэ, нэхъыжьыфӀхэм къытхуагъэна ди хабзэм пщӀэ хуэдывгъэщӀ! КъызыхэкӀам хуэфащэ щӀалэгъуалэ къызэрытщӀэувэр ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъужщ! Ди напэр къабзэу, ехъулӀэныгъэ ди куэду, хэщӀ димыӀэу, лъэпкъ узыншэу, берычэту, хэдгъахъуэу, дунейр мамыру Тхьэм дигъэпсэу!

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыӀакӀуэхэу ГъукӀэ Ислъамрэ Тезадэ Астемыррэ, пшынауэ Ӏэзэ Уэзы Астемыр.

Къыхэгъэщыпхъэщ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми Адыгэ ныпым и махуэр зэрыщагъэлъапӀэр. Ар и нэщэнэщ зэгуэрым зэбгрыпхъа хъуа адыгэ лъэпкъыр нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхъужым, щӀалэгъуалэр къызыхэкӀам и тхыдэм зэрыдихьэхым.

Адыгэ ныпым и махуэр Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Абхъаз республикэхэм, Краснодар крайм, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу нэгъуэщӀ къэралхэм зэрыщагъэлъапӀэм иужьрей зэманым ИнтернетымкӀэ дыкӀэлъоплъ.

**ТЕКӀУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Блий Ӏэюб и анэм иджыри зы медаль къыхуешэ

**Черногорием и къалащхьэ Подгорицэ къикӀыу хъыбар гуапэ къытӀэрыхьащ мы махуэхэм. ДзюдомкӀэ абы щекӀуэкӀ европей чемпионатым Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту щыӀэ адыгэ щӀалэ Блий Ӏэюб етӀуанэ увыпӀэр къыщихьащ.**

БАЛИГЪХЭМ яхэту Европэм и чемпионатым щыбэна Блий Ӏэюб и плъапӀэу щытар дыщэ медалырт. Пэжыр жыпӀэмэ, абы лъабжьи иӀэт. Европэм дзюдомкӀэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтӀауэ ныбжьыщӀэхэми, абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэми, щӀалэгъуалэми я деж щекӀуэкӀа зэхьэзэхуэхэм етӀуанэ щыхъуат, Тыркумрэ, Узбекистанымрэ «Тажышхуэхэр» къыщихьат, дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытӀэу щытекӀуат иужьрей илъэсхэм. Абы нэмыщӀ, килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж къэралым бжьыпэр щызыӀыгъхэм яхэтщ.

Уеблэмэ, абы къыхэкӀыу, иджырей зэхьэзэхуэм Ӏэюб зыхэхуа «В» гупым япэу щагъэуват, абы къыдэкӀуэуи, япэ зэӀущӀэр блигъэкӀыну хуит ящӀат. ЕтӀуанэ къекӀуэкӀыгъуэм ди щӀалэм гуащӀэу къыщыпэщӀэтащ Словакием и бэнакӀуэ Томанек Джозеф, ауэ, дауэ абы ищӀами, ди щӀалэм игъэлъэгъуа Ӏэзагъэм ар ӀэщӀэкӀакъым.

Абы къыкӀэлъыкӀуэу Ӏэюб ӀущӀащ щӀалэгъуалэм я дунейпсо чемпионатым етӀуанэ щыхъуа, Тбилиси къалэм «Шлемышхуэр» къыщызыхьа, Азербайджаным и бэнакӀуэ лъэщ Байрамов Туран. Мыбдежми, ди щӀалэр къызэрытридзэн Ӏэмал абы къыхуэгъуэтакъым. Блийм япэщӀыкӀэ «ваза-ари» кърататащ, иужькӀэ, судьяхэм къытрагъэзэжу видеокӀэ еплъыжри, «иппон»-кӀэ зэрахъуэкӀыжащ икӀи текӀуэныгъэр Ӏэюб кърататащ.

Финалым и Ӏыхьэ ныкъуэм ар щыӀущӀащ Франджым и ныпым щӀэту банэ, Олимп джэгухэм я призер, куржы бэнакӀуэ лъэщ Мхеидзе Лука. Подгорицэ щызэхуэзэн ипэкӀэ ахэр тӀэу зэбэнати, зэрызэ текӀуэныгъэхэр къахьат. Иджы Блийр япэ ищащ. Ӏэюб зыхуекӀуа Ӏэмалхэм щхьэкӀэ «ваза-ари» тӀэу къратри, финалым кӀуащ.

АдэкӀэ Ӏэюб иджыри зы куржы щӀалэ къыщыпэщӀэтащ, уеблэмэ япэрейм нэхърэ нэхъ лъэщыжу - щӀалэгъуалэми, балигъхэми я деж дуней псом я чемпион щыхъуа бэнакӀуэ Сардалашвили Георгий. Ар набдзэгубдзаплъэу къыкӀэлъыплъагъэнщ Ӏэюб и бэнэкӀэм икӀи ди щӀалэм и щэхухэр зригъэщӀауэ къыщӀэкӀынут. Зэхьэзэхуэм хухэха зэманым и кӀэм нэсыху щӀалитӀыр зэныкъуэкъуащ, зэрытемыгъакӀуэу, ауэ, икӀэм-икӀэжым, куржы бэнакӀуэм ди щӀалэр къиубыдащ, «юкко» къратри, Европэм и дыщэ медалыр Ӏэюб фӀихьащ.

«Си жагъуэщ, дауи, зэхьэзэхуэм и кӀэм нобэ сыкъызэрыщыхагъэщӀар, итӀанэми, дыжьын медалым щхьэкӀи фӀыщӀэ щӀын хуейщ. ЕтӀуанэ гъуэгу абы сызэрытекӀуэжыным сыхущӀыкъуэнщ. Илъэс къэс сызыхэта европей зэхьэзэхуэхэм сыт щыгъуи етӀуанэ сыщыхъуащ, си гугъащ мы гъэм абы зезгъэхъуэжыну, ауэ, зэрыжаӀэу, аргуэру а щыуагъэ дыдэхэр зыӀэщӀэзгъэкӀащ.

Франджым и бэнакӀуэм, Олимп джэгухэм я призерым сытекӀуэфыным мыхьэнэ иӀэт си дежкӀэ. Ар спортым и лъагапӀэм ухуэзышэ лъагъуэхэм щыщщ. Сыхуейщ бжьыпэр субыдыну, си хьэрхуэрэгъу псоми сатекӀуэну. Финалым сыхуэхьэзырт, адрей дэтхэнэ зэӀущӀэми хуэдэу. Къэсхьыну сыхуеящ ар, ауэ си хьэрхуэрэгъум и кӀэныр нобэ къикӀащ, ар си япэ ищащ. Мы чемпионатым зыхуэзгъэхьэзыращ зыхуэзгъэувыжа къалэным тету. Ауэ, сыкъыщыхагъэщӀакӀэ, зыгуэрхэм сыхунэмысу къэнауэ аращ. Унэм сыкӀуэжмэ, си тренерымрэ командэм и унафэщӀхэмрэ я гъусэу си щыуагъэхэм дыхэплъэжынущ, Ӏуэхур зэхэдгъэкӀынущ. Европэм и чемпионатыр илъэс къэс ирагъэкӀуэкӀ, аращи, 2026 гъэм зыхуэзгъэхьэзырынущ.

Си гугъэщ си медалымкӀэ си благъэхэмрэ Ӏыхьлыхэмрэ згъэгуфӀэну. Насыпщ, ахэр гуфӀэу щыплъагъум деж», - яжриӀат журналистхэм Ӏэюб зэӀущӀэ нэужьым.

Нэгъабэ «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтӀауэ Тыркум щекӀуэкӀа зэхьэзэхуэм Блий Ӏэюб щытекӀуа нэужь, журналистхэм яжриӀауэ щытащ, медалу къихьу хъуар и анэм зэрыритыр. Мис иджы, аргуэру игъэгуфӀэну зы къыхуешэ. И насыпщ апхуэдэ бын зиӀэ дэтхэнэ зы анэми!

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкӀэ Къэбэрдей-Балъкъэр щӀыналъэ ӀуэхущӀапӀэм ПИ № ТУ07-00117-м щӀэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокӀ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщӀ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.442 • Заказыр №897

ДИ ХЭЩӀАПӀЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цӀэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщӀанэ къатхэр.

Газетым Ӏэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтӀыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А